

## **Lekòl Piblik Haverhill Sou Enskri Nouvo Elèv Kindergarten (Jadendanfan) yo**

Lekòl Piblik Haverhill te anonse ke enskripsyon kindergarten pou ane lekòl 2021-2022 la kòmanse! Timoun ki gen senk an oswa k ap gen senk an anvan 31 Out kalifye pou enskri nan pwogram kindergarten tout jounnen gratis pou tout Haverhill la. Elèv ki enskri kounye a nan pwogram lekòl matènèl Moody a pa oblije re-enskri pou kindergarten.

Sesyon Kindergarten (Jadendanfan ) an ap fèt atravè videyo difizyon sou sit entènèt lekòl piblik Haverhill ak plis enfòmasyon sou pwogram la ak pwosesis enskripsyon an. Sesyon an ap fèt lendi 29 mas a 6:00 PM epi yo pral prezante l an angle ak panyòl.

Fanmi yo ankouraje pou yo soumèt kesyon yo ak enkyetid yo sou entènèt anvan evènman yo. Tanpri vizite [www.haverhill-ps.org/registration/kindergarten](http://www.haverhill-ps.org/registration/kindergarten) pou plis enfòmasyon sou sesyon enfòmasyon yo.

Enskripsyon nouvo elèv yo ka ranpli nan twa fason ki nan lis anba a. Souple santi ou lib pou kontakte nou nenpòt ki lè pou konekte touswit ak yon espesyalis enskripsyon.

1. Fè yon randevou an pèsòn avèk Depatman Enskripsyon an lè w rele (978) 420-1951. Depatman Enskripsyon sitiye nan HPS Family Resource Center (HPS Sant Resous Fanmi) , 45 Fountain Street, Haverhill, MA 01830.

2. Enskri epi telechaje tout dokiman ki nesèsè yo atravè pòtal paran sou entènèt nou an. Tanpri rele Enskripsyon nan (978) 420-1951 pou lyen ak aksè..

3. Imèl Depatman Enskripsyon an pou kòmanse pwosesis la. Voye yon imèl bay [Registration@haverhill-ps.org](mailto:Registration@haverhill-ps.org) pou konekte.

Nou ankouraje fanmi yo pou yo kontakte Depatman Enskripsyon pou randevou pi vit ke posib. Plis enfòmasyon sou sesyon enfòmasyon vityèl la ak yon lis konplè dokiman ki nesèsè yo ka jwenn sou entènèt sou [www.haverhill-ps.org/registration](http://www.haverhill-ps.org/registration).